



Pou Piblikasyon Imedya: 27/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE GEN 27 ETABLISMAN ANPLIS KE OTORITE  
LIKÈ ETA TE EMÈT VYOLASYON**

***27 vyolasyon anplis de 105 vyolasyon yo te emèt vandredi ak samdi a***

***Vyolasyon pou etablisman nan tout senk minisipalite NYC yo***

***Mete Nouyòkè yo ajou sou sendwom tankou Maladi Kawasaki***

***Idantifye 20 konpayi pou investisman Eta a pou ogmante kapasite fabrikasyon  
pou ekipman COVID-19 yo***

***Kantite entibasyon ki pi ba depi 16 mas ak kantite pasyan ICU ki koresponn ak  
nivo ki ba depi 16 mas***

***1,06 Pousan Tès yo Te Fè Yè pou COVID-19 yo te Pozitif***

***11 ka lanmò akòz COVID-19 nan Eta New York yè***

***Konfime 608 ka kowonaviris adisyonèl nan Eta New York - sa ki fè kantite total  
nan tout Eta a rive 412,344; gen nouvo ka nan 39 Konte***

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke gen 27 etablisman anplis ke yo emèt vyolasyon Otorite Likè Eta (State Liquor Authority, SLA) pou mank konfòmite avèk direktiv COVID-19 Eta New York dimanch lan. SLA te emèt 105 vyolasyon nan vandredi ak samdi konbine. Yo te emèt vyolasyon yè yo nan tout senk minisipalite yo nan Vil New York.

Gouvènè a mete Nouyòkè yo ajou tou sou sitiyasyon sendwom tankou Maladi Kawasaki ki deja afekte timoun yo nan eta a. Depi vandredi, Eta New York deja envestige 240 ka sendwom lan. Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York [te pibliye yon etid sou timoun yo ki gen sendwom](#) nan Journal Medsin New England (New England Journal of Medicine) 29 jen an.

Gouvènè Cuomo te anonse tou Empire State Development deja idantifye 20 konpayi ki pral resevwa investisman eta pou fè ekipman pou adrese COVID-19 la. Pwogram sa a fèt pou asire ke etablisman sante Eta New York yo pral gen aksè a PPE si ak lè yo bezwen li.

Gouvènè Cuomo te bay moun New York yo tou dènye enfòmasyon sou pwogrè Eta a pandan pandemi COVID-19 aktyèl la. Kantite nouvo ka yo, pousantaj tèz ki te pozitif ak anpil lòt pwèn enfòmasyon itil yo toujou disponib sou paj [forward.ny.gov](https://www.forward.ny.gov).

"Yon sitiyasyon ke nou ap obsève se mank konfòmite, patikilyèman pami jèn moun yo, ba yo ak restoran yo. Sa pa inik a New York—se yon pwoblèm nasyonal—e menm pwezidan Etazini an te di ke jèn moun yo pa ta dwe antre nan ba ki plen akrake yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Mwen te di pandan plizyè semèn ke gouvènman lokal yo p'ap fè sa yo bezwen fè, epi yo dwe leve kanpe. Eta a pral fè tout sa li kapab ak mekanis aplikasyon ki pi agresif ki disponib yo. Sa te kontinye yè swa."

Enfòmasyon jodi a yo rezime an brèf anba la a:

- **Kantite Pasyan Ki Ospitalize** - 642 (+5)
- **Pasyan ki Fèk Entènè nan Lopital** - 82
- **Lopital Konte yo** - 29
- **Kantite ICU** - 149 (-6)
- **Kantite ICU nan entibasyon** - 84 (-6)
- **Kantite Moun Total Yo Voye Lakay yo** - 72,766 (+50)
- **Kantite Lanmò** - 11
- **Kantite Lanmò Total** - 25,117

Sou 57,270 rezilta tèz yo te rapòte nan Eta New York yè, 608 oswa 1,06 pousan, te pozitif. Pousantaj tèz pozitif chak rejyon yo te rapòte pandan twa dènye jou yo se konsa:

REJYON	VANDREDI	SAMDI	DIMANCH
Capital Region	1.6%	1.2%	0.5%
Central New York	0.8%	0.4%	0.4%
Finger Lakes	0.8%	0.7%	0.9%
Long Island	0.9%	1.3%	1.5%
Mid-Hudson	1.0%	1.2%	0.8%
Mohawk Valley	0.8%	0.6%	1.0%
New York City	1.2%	1.1%	1.2%
North Country	0.4%	0.3%	0.2%
Southern Tier	1.1%	0.9%	0.5%
Western New York	1.0%	0.9%	1.2%

Gouvènè a te konfime tou 608 nouvo lòt ka kowonaviris adisyonèl, sa ki bay yon total 412,344 ka ki konfime nan Eta New York. Nan total 412,344 moun ki te teste pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se jan nou pral site la a:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	2,453	2

Allegany	74	0
Broome	986	8
Cattaraugus	153	2
Cayuga	140	1
Chautauqua	218	0
Chemung	160	0
Chenango	203	0
Clinton	120	0
Columbia	503	3
Cortland	87	2
Delaware	98	0
Dutchess	4,440	15
Erie	8,327	26
Essex	55	1
Franklin	44	0
Fulton	270	0
Genesee	266	2
Greene	282	1
Hamilton	7	0
Herkimer	234	4
Jefferson	128	1
Lewis	34	0
Livingston	162	0
Madison	390	0
Monroe	4,620	29
Montgomery	148	0
Nassau	43,017	57
Niagara	1,424	2
NYC	224,051	290
Oneida	2,010	10
Onondaga	3,398	9
Ontario	343	2
Orange	11,010	12
Orleans	290	0
Oswego	239	1
Otsego	103	0
Putnam	1,408	4
Rensselaer	687	3
Rockland	13,841	2
Saratoga	688	3
Schenectady	990	3

Schoharie	68	0
Schuyler	20	0
Seneca	83	0
St. Lawrence	258	0
Steuben	288	0
Suffolk	42,967	84
Sullivan	1,476	0
Tioga	180	1
Tompkins	225	1
Ulster	1,926	1
Warren	294	0
Washington	254	1
Wayne	243	2
Westchester	35,799	22
Wyoming	110	0
Yates	52	1

Yè, te gen 11 ka lanmò akòz COVID-19 la nan Eta New York, sa ki mete total la ak 25,117. Repatisyon jewografik la se konsa, dapre konte rezidans:

<b>Ka lanmò yo dapre konte rezidans</b>	
<b>Konte</b>	<b>Nouvo ka lanmò yo</b>
Bronx	5
Erie	1
Kings	2
Nassau	1
Queens	1
Richmond	1

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
 Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)